QORAQALPOG‘ISTON
RESPUBLIKASI
TAXIATOSH TUMANI
HOKIMINING
**Q A R O R I**

QARAQALPAQSTAN
RESPUBLIKASÍ
TAQÍYATAS RAYONÍ
HÁKIMINIŃ
**Q A R A R Í**

2022 - yil 13 - yanvar 7-13-215-Q/22 Taxiatosh tumani hokimligi

**Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi Prezidiuminiń 2021-jıl 25-dekabr kúngi «Nókis qalasındaǵı Muxammad ibn Axmad al-Beruniy atındaǵı orta arnawlı islam bilim jurtınıń materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew hámde Taqıyatas rayonı Mámleketlik xızmetler orayı imaratı qurılısı ushın qarjı ajıratıw haqqında»ǵı 567-sanlı qararı haqqında**

Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi Prezidiuminiń 2021-jıl 25-dekabr kúngi «Nókis qalasındaǵı Muxammad ibn Axmad al-Beruniy atındaǵı orta arnawlı islam bilim jurtınıń materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew hámde Taqıyatas rayonı Mámleketlik xızmetler orayı imaratı qurılısı ushın qarjı ajıratıw haqqında»ǵı 567-sanlı qararın orınlaw maqsetide

**Q A R A R E T E M E N :**

1. Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi Prezidiuminiń 2021-jıl 25-dekabr kúngi «Nókis qalasındaǵı Muxammad ibn Axmad al-Beruniy atındaǵı orta arnawlı islam bilim jurtınıń materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew hámde Taqıyatas rayonı Mámleketlik xızmetler orayı imaratı qurılısı ushın qarjı ajıratıw haqqında»ǵı 567-sanlı qararı orınlaw ushın basshılıqqa alınsın.

2. Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi Prezidiuminiń joqarıda kórsetilgen qararı menen:

A) Nókis qalasındaǵı Muhammad ibn Axmad al-Beruniy atındaǵı orta arnawlı islam bilim jurtı imaratı janınan ashıq sport maydanshasın hám dem alıw orınların quriw, materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew, sonday-aq Taqıyatas rayonı Mámleketlik xızmetler orayı imaratınıń qurılıs jumısların juwmaqlaw ushın zárúr qarjılardı ajıratıw haqqındaǵı Ministrler Keńesiniń usınısı maqullansın.

Á) Qaraqalpaqstan Respublikası Finans ministrligi (M.Sodiqov)ne:

- Muhammad ibn Axmad al-Beruniy atındaǵı orta arnawlı islam bilim jurtı imaratı janınan ashıq sport maydanshasın hám talabalardıń jazǵı dem alıw orınların qurıw, jataqxana hám asxana imaratlarına baqlaw kameraların, órtti eskertiwshi qurılmalardı ornatıw ushın joybar-smeta hújjetleri tiykarında zárúr bolǵan 981 105 237 sum;

- Taqıyatas rayonı Mámleketlik xızmetler orayı imaratınıń qurılıs jumısların juwmaqlaw ushın 1 644 579 000 sum, Jámi 2 625 684 237 (eki milliard altı juz jigirma bes million altı júz seksen tórt mıń eki júz otız jeti) sum qarjını Qaraqalpaqstan Respublikası jergilikli byudjetiniń dáramat hám qárejetler bólegin ten úleslerde asırıw arqalı Ministrler Keńesiniń birden-bir buyırtpashı xızmeti «Injiniring kompaniya»sınıń banktegi esap betine ótkeriw tapsırılǵanlıǵı;

B) Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi (Q.Sariyev) Ministrler Keńesiniń birden-bir buyırtpashı xızmeti «Injiniring kompaniya»sı, Qaraqalpaqstan musılmanları qazıyatı (Sh.Bauatdinov), Mámleketlik xızmetler agentligi Qaraqalpaqstan Respublikası basqarması (M.Abdijaliyev) menen birgelikte:

- Muxammad ibn Axmad al-Beruniy atındaǵı orta arnawlı islam bilim jurtı imaratı janınan ashıq sport maydanshasın hám dem alıw orınların qurıw, bilim jurtınıń materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew,

-Taqıyatas rayonı Mámleketlik xızmetler orayı imaratınıń qurılıs jumısların juwmaqlaw jumıslarınıń sapalı ámelge asırılıwın hám ajıratılǵan qarjılardıń maqsetli jumısalıwın támiyinlew tapsırılǵanlıǵı;

D) Qaraqalpaqstan Respublikası Mámleketlik finanslıq qadaǵalaw basqarması (A.Qazaqbayev)na, usı qarar tiykarında ajıratılǵan qarjılardıń maqsetke muwapıq jumsalıwın qadaǵalaw hám nátiyjesi boyınsha Joqarǵı Keńeske málimleme kirgiziw tapsırılǵanlıǵı maǵıwmat ushın qabıl etilsin.

3. Usı qarardıń orınlanıwın qadaǵalawdı ózimde qaldıraman.

**Hokim v.v.b** **A.Amanov**